



Konnen Dwa ou! Sa Ou Dwe Konnen Konsènan E-Verify

E-Verify se yon pwogram ki baze nan Entènèt epi ki anba kontwòl Gouvènman Ameriken. Patwon yo itilize E-Verify pou tcheke si anplwaye yo kapab travay legalman. Lè ou aplike pou yon djòb nan travay yon patwon ki itilize E-Verify, patwon an ta dwe fè ou konnen si li itilize E-Verify. Si patwon ou itilize E-Verify, ou gen sèten dwa.

Fason E-Verify Fonksyone

- E-Verify konpare enfòmasyon ki nan Fòm I-9 ou avèk enfòmasyon ki nan dosye imigrasyon, Sekirite Sosyal, ak lòt dosye gouvènman an.
- E-Verify ap konfime ou kapab travay legalman si enfòmasyon yo se menm.
- Si enfòmasyon yo pa menm, patwon ou dwe fè ou konnen gen yon pwoblèm epi li dwe ba ou eksplikasyon alekri sou fason pou rezoud pwoblèm nan, ansanm ak yon delè pou ou kontakte gouvènman an.
- E-Verify va voye yon imel ba ou dirèkteman sou pwoblèm nan si ou ekri adrès imel ou sou Fòm I-9 lan.

Patwon yo pa kapab:

- Tcheke enfòmasyon ou nan E-Verify joukapre li fin anboche ou ak apre ou fin ranpli Fòm I-9
- Itilize E-Verify pou re-verifikasyon.
- Anpeche ou travay apre ou fin ranpli Fòm I-9 ou senpleman paske ou poko resevwa nimewo Sekirite Sosyal ou.

Ou Gen Dwa Pandan W ap Rezoud yon Pwoblèm avèk E-Verify

Pandan w ap rezoud yon pwoblèm avèk dosye E-Verify ou, patwon ou pa kapab:

- Revoke ou
- Sispann ou
- Fè ou rete tann pou kòmanse travay oswa fòmasyon
- Eseye fè ou kite travay la
- Diminye nan kantite lè travay ou
- Refize peye ou pou travay ou fè déjà



Si Ou Gen Dwa pou Travay, Pa Kite O kenn Moun Retire Dwa sa

Rele E-Verify pou Ede ou avèk Dosye E-Verify Ou

1-888-897-7781

(Entèpretasyon lang disponib)
www.dhs.gov/everify

Haitian Creole

Rele OSC si :

- Patwon ou itilize E-Verify sèlman pou imigran yo, moun ki sòti nan yon sèten peyi, oswa moun ki sanble "etranje"
- Patwon ou p ap kite ou travay, oswa li pran lòt mezi kont ou lè w ap rezoud yon pwoblèm E-Verify
- Patwon ou mande ou pou montre yon dokiman espesifik, alapas sa ou chwazi a, pou Fòm I-9 la ak E-Verify.

Liy Dirèk pou Travayè Rele : 1-800-255-7688

Oswa 1-800-237-2515 (TDD)

(Entèpretasyon lang disponib)

www.justice.gov/crt/about/osc